

Entelijan Lè ou Bò Dlo



Yon moun, sitou yon ti moun piti, ka nwaye nan tan li pran pou reponn yon telefòn oswa pou reponn yon mesaj pa tèks!



Pou Sekirite Nan Dlo

Yon mesaj pou lektè yo,


Nwaye pa fè diskriminasyon...Ka rive nenpòt ki lè. Kèlkeswa laj, ras, sèks, oswa nivo sosyekonomik, ak kapasite naje yon moun, yon ensidan nwaye ka rive nenpòt ki lè.

Depatman Sante Florid (Florida Department of Health) deklare ke "nwaye se responsabilite tout moun". Nan yon kesyon de segond, dlo ka yon danje e ka touye moun. Li sèlman pran 2 pou pou ou mwens ke sa pou yon moun nwaye, e li enpòtan pou konnen ki sa pou w fè nan yon ensidan kote gen dlo.



Eske'w te Konnen?

- Chak jou apeprè 10 moun mouri akòz nwayad envolontè. (*Sant pou Kontwòl Maladi*)
- Florid se youn nan premye kote nan nasyon an kote timoun ki gen laj de 1- 4 an mouri nwaye. Chak ane nan Florid, timoun ki nwaye avan senkyèm anivèsè yo ekivalan pou ranpli 3 a 4 sal klas matènèl. (*Depatman Sante Florid*)
- Nan Rejyon Palm Beach, de 2016 a 2019, granmoun ki gen laj 20-25 an gen pi gwo to nwayad pa popilasyon, ki vin swiv pa moun ki gen laj 75 an e plis, ak timoun ki gen laj 1- 4 an. (*Kowalisyon Prevansyon Nwaye*)
- Rejyon Palm Beach gen yon mwayèn de 48 moun ki mouri nwaye chak ane. (*Kowalisyon Prevansyon Nwaye*)






Pou Sekirite Nan Dlo




Granmoun k ap Veye Dlo Pandan Rasanbleman yo

- Fè responsabilite wotasyon avèk lòt granmoun ki pa bwè alkòl chak 15 minit, si posib mete idantifikasyon tankou yon chapo.
- Obsève kò dlo a san distraksyon. (sètadi pa gen okenn telefòn selilè, lekti, pale, oswa manje).
- **Aprann Idantifye yon Viktim k ap Nwaye:**
Silansye - Pa gen okenn souf ki rete pou mande èd.
K ap monte desann - Bouch la koule anba sifas dlo a, parèt jis ase pou respire e koule anba anko.
Bra yo rete Rèd - Olye pou mande èd ak men an lè, bra ak men yo ap peze dlo a pa anba pou kapab flote. Ou pa menm ka rive kenbe yon bagay pou prezève lavi w.
Kanpe dwat - Pa gen okenn mouvman, kò a pral rete dwat ap leve e desann, prèske tankou si li te kanpe nan dlo a.



water watcher tag



Ou Toujou Dwe Naje Devan Yon Sovtè

- Konte Palm Beach gen anpil dlo ki gen sovtaj ke moun ka jwi. Gade zòn sa yo an premye!



Akwatik Adaptab*

Moun ki gen otis ak lòt andikap, plis sansib a nwaye, kidonk bezwen kou natasyon.

- Asire w ke enstriktè a kalifye pou anseye espò nan dlo ki adaptab.
- Si yon timoun disparèt, **rele 911** epi chèche kò dlo ki tou prè avan; Moun kap bay swen yo ta dwe mete aksan sou enpòtans danje dlo pou timoun yo.
- Enfòmè premye sekouris yo sou moun ki gen andikap nan rezidans lan.

* Ansèyman akwatik ak pwogram apwopriye pou moun ki gen andikap.



safe kids



FAU Card PBC



Pou Sekirite Nan Dlo



Sekirite nan Twalèt la

- Pa janm kite yon timoun pou kont li nan twalèt, sitou pandan lap benyen.
- Kenbe kouvèti twalèt yo fèm ak bokit tèt anba.
- Toujou vide basen dlo a apre ou fin itilize li.
- Teste tanperati dlo a ak andedan ponyèt ou pou asire ke dlo a tyèd e pa twò cho.



Sekirite Lakou

- Gen kouch pwoteksyon ak ekipman pou sekou (sètadi takèt, bouwe sovta, kloti oswa baryè ki fèm oswa take pou kont yo, alam pou pisin, alam pou baryè, ak alam pou pòt).
- Vijilan, Si gen yon ijans, **rele 911**. Voye yon objè k ap flote nan direksyon moun nan; Pa sote nan dlo a deyè yon moun k ap nwaye, paske yo ka nwaye ou.
- Nan pisin ki anwo tè yo, retire nechèl yo lè ou pa itilize yo ak jwèt ki kouche alantou yo.
- Aprann timoun yo pou yo rete lwen dlo sal (sètadi lak, etan ak kanal). Kote sa yo gen bakteri, dechè bèt, debri, ak lòt danje.



watersmartfl



red cross





Pou Sekirite Nan Dlo



Sekirite Nan Plaj

- Chape nan kouran dlo. Pa goumen, naje agòch oswa adwat, oswa flote ak rele pou èd.
- Konnen koulè drapo yo (**Wouj, Jòn, Vèt, ak Violèt**).
- Toujou naje sou yon plaj ki veye pa sovtaj.



De Drapo Wouj
dlo fèmen
a piblik la



Wouj
Gwo Risk
(kondisyon difisil,
tankou vag fò
oswa kouran)



Jòn
Risk Myaven
(vag lanmè pa trò
fò / oswa kouran)



Vèt
Danje Ba,
kondisyon trankil



Violèt
Bèt Maren
(mediz, bèt ak
pwason danjere)



KOURAN DLO
Kase Kouran Dlo Kap Rale w la!


SI OU PRAN NAN YON KOURAN DLO

- Pa goumen ak kouran an
- Naje pou sòti de kouran an, aprè naje nan direksyon rivaj la
- Si ou paka chape, flote oswa brase dlo a
- Si ou bezwen èd, rele oswa leve men w anlà pou mande èd

SEKIRITE

- Konnen naje
- Pa janm naje poukont ou
- Si ou gen dout, pa ale


Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kouran dlo nou sit entènèt sa yo:
www.ripcurrents.noaa.gov
www.csls.org



noaa

Sekirite Navigasyon

- Toujou mete yon jakèt sovtaj ki bon pou ou, ki apwouve pa Gad Kòt Ameriken.
- Deziyene yon kaptenn ki pa sou enfliyans dròg oswa alkòl.
- Pataje chemen wwayaj ou (plan kote w ap flote) ak zanmi / fanmi nan ka ta gen yon ijans.
- Toujou vijilan a naje yo, drapo yo, ak bèt maren.
- Itilize pozisyon ijans ki endike limyè radyo sou bato a (EPIRB) pou avèti pèsònèl sekou sou pozisyon ou nan ka ta gen yon ijans.



myfwc



TIP I



TIP II



TIP III



TIP IV



TIP V



Pou Sekirite Nan Dlo



Reanimasyon kadyopilmonè - CPR oswa Defibrilatè Otomatik Elektwonik (AED) IMEDYATMAN RELE 911 E KÒMANSE CPR

Heartsaver®
Adult CPR AED



Manyen epi rele.
Rele pou èd. Voye yon moun rele 911 epi jwenn yon AED.
Gade si li pa respire oswa sèlman ap rale souf li.
Pouse fò ak vit nan yon vitès de 100 a 120 konpresyon pou chak minit.
Louvri vwa respiratwa a epi bay 2 souf.
Repete seri de 30 konpresyon ak 2 souf.
Lè AED a rive, limen li e swiv enstriksyon yo.



Heartsaver®
Child CPR AED



Manyen epi rele.
Rele pou èd. Voye yon moun rele 911 epi jwenn yon AED.
Gade si li pa respire oswa sèlman ap rale souf li.
Pouse fò ak vit nan yon vitès de 100 a 120 konpresyon pou chak minit.
Louvri vwa respiratwa a epi bay 2 souf.
Repete seri de 30 konpresyon ak 2 souf.
Si ou pou kont ou epi ou pa gen yon telefòn, apre 5 seri de 30 konpresyon ak 2 souf, deplase pou rele 911 e rekòman seri de 30/2 a. Lè AED a rive, limen li e swiv enstriksyon yo.
Lè AED a rive, limen li e swiv enstriksyon yo.



Tanpri sonje: Pou yon sekouris ki resevwa fòmasyon ak tout founisè swen sante, rekòmandasyon Asosyasyon Ameriken pou Kè (American Heart Association) mande pou sekouris la fè konpresyon ak vantilasyon sou yon viktim kap nwaye (souf sekou).





Pou Sekirite Nan Dlo



Leson Natasyon pou Timoun ak Granmoun: Li pa janm Twò ta pou Aprann

- Gen diferan pwogram ki disponib tankou leson natasyon pou siviv ak pwogram natasyon. Sa depann de kliyan yo pou yo fè rechèch pou yo detèmine sa ki bon pou yo ak fanmi yo.
- Anpil nan leson yo disponib a pati de laj 6 mwa.
- Sèvi ak yon enstriktè sekirite nan dlo ki gen bon kalifikasyon.
- Kowalisyon Prevansyon Nwayad nan Rejyon Palm Beach (Drowning Prevention Coalition of Palm Beach County) ofri leson natasyon gratis oswa a rabè.



drowning prevention

Klas Natasyon

Jwenn yon etablisman dlo nan zòn ou pou leson natasyon ak sekirite nan dlo.

Leson natasyon pa ranplase baryè, tankou kloti ak alam pou pisin.

Leson natasyon pa yon ranplasman pou sipèvizyon granmoun ak vijilans.

Anvan ou enskri pou leson natasyon, konsidere bagay sa yo:

- Evite pwogram ki pretann yo ofri teknik kont nwayad. Tout moun vilnerab a nwaye menm si yo konn naje.
- Chwazi sèlman pwogram ki ofri enstriktè natasyon ki sètifye nan yon pwogram ki rekonèt nasyonanman jan sa mande pa Lwa Eta Florid la.

Note: Leson sou sekirite dlo pa yon prèv pou evite timoun nwaye. Kontinye ak leson pandan tout ane a pou amelyore konpetans pou sove lavi. Tanpri rele etablisman akwatik ki anba a pou enfòmasyon sou jou ak lè leson yo.





Pou Sekirite Nan Dlo

Klas Natasyon

| Lokal | Adrès | Nimewo |
|---|----------------------------|-----------------|
| Belle Glade | | |
| Belle Glade | 1224 SW Ave E Place | 561-518-0101 |
| Pioneer Park | 866 SR715 | 561-993-3892 |
| Boca Raton | | |
| The Swim and Racquet Center | 21618 St. Andrews Blvd. | 561-544-8540 x1 |
| Meadows Park Pool | 1300 NW 18th St. | 561-393-7851 |
| Peter-Blum YMCA | 6631 Palmetto Circle South | 561-395-9622 |
| Coconut Cove Waterpark | 11200 Park Access Rd. | 561-629-8840 |
| Boynton Beach | | |
| John H. Denson Pool | 225 NW 12th Ave. | 561-742-6646 |
| DeVos-Blum YMCA | 9600 Military Trail | 561-738-9622 |
| Mandel JCC of the Palm Beaches | 8500 Jog Rd. | 561-259-3008 |
| Delray Beach | | |
| Aqua Crest Pool | 2503 Seacrest Blvd. | 561-278-7104 |
| Pompey Park Pool | 1102 NW 2nd St. | 561-243-7358 |
| Delray Swim and Tennis Club | 2350 Jaeger Dr. | 561-243-7079 |
| Jupiter | | |
| N. County Aquatic Complex | 861 Toney Penna Dr. | 561-745-0241 |
| Lake Worth | | |
| Gleneagles Country Club | 2728 Lake Worth Rd. | 561-966-7088 |
| Aquatic Center | | |
| Palm Beach County CMAA Therapeutic Recreation Complex (<i>Special Needs Only</i>) | | |





Pou Sekirite Nan Dlo

| Lokal | Adrès | Nimewo |
|---|---|--|
| Lantana Santaluces | 6750 Lawrence Rd. | 561-641-9301 |
| North Palm Beach North Palm Beach Country Club | 951 US Hwy 1 | 561-691-3427 |
| Palm Beach Gardens PBG Aquatic Complex | 4404 Burns Rd. | 561-630-1100 |
| Riviera Beach Barracuda Bay Aquatic Complex | 1621 W. Blue Heron Blvd. | 561-845-4070 |
| Royal Palm Beach Calypso Bay Waterpark | 151 Lamstein Lane | 561-790-6160 |
| Wellington Wellington Aquatics Complex | 12165 Forest Hill Blvd. | 561-753-2484 |
| West Palm Beach Warren Hawkins Aquatic Center Lake Lytal YMCA of the Palm Beaches | 1501 N. Australian Ave. 3645 Gun Club Rd. 2085 S. Congress Ave. | 561-804-4961 561-233-1426 561-968-9622 |

Tanpri sonje: Gen lekòl natasyon prive nan tout Rejyon Palm Beach la anplis de sa ki endike anwo a. Sa depann de kliyan a pou detèmine ki kalite pwogram leson natasyon ki pi bon pou li a. Fè rechèch!





Pou Sekirite Nan Dlo



Sekirite Drenaj

- Gen kouvèti drenaj ki konfòme avèk pisin Virginia Graeme Baker and Spa Safety Act. Ou pa si ke drenaj pisin ou konfòm? Èske pisin ou an manke yon kouvèti drenaj? Konsilte yon pwofesyonèl pisin ki sètifye pou plis enfòmasyon.
- Rete lwen tout pisin ak drenaj jakouzi pou evite ou bloke nan aspirasyon.
- Konfime ki kote bouton ijans pou etenn ponp pisin la ye.



pool safely

Sekirite Pou Plonje

- Pa janm plonje tèt avan nan dlo ki ken pwofondè mwens pase 9 pye lè ou pa fin sèten pwofondè dlo a oswa lè ou pa ka wè anba dlo a.
- Toujou naje ak yon zanmi epi mete yon drapo pou endike ke ou anba dlo a lè w ap naje anba dlo nan lanmè.
- Tcheke kondisyon tan an ak dlo a avan chak vwayaj.



dan.org

Sekirite Lè W Ap Kondwi

- Si yon machin tonbe nan yon dlo: **Rete Kalm, Retire Senti Sekirite ou, Desann Fenèt la, Soti Nan Machin Nan.**
- Gen yon zouti sovtaaj ak yon zouti pou koupe senti sekirite ou. (*sa vle di, li ka nan bwat a gan an, nan pòt kle ou, oswa tache nan retrovizè a*).
- Konnen si fenèt sou kote yo konprese (*pa ka kraze*) oswa ka kraze.



drowning prevention coalition



Pou Sekirite Nan Dlo

Patnè Asosyasyon WaterSmart Rejyon Palm Beach



Childhood Drowning Prevention




MYFLFAMILIES.COM

PALM BEACH COUNTY



PARKS & RECREATION



Healthy. Safe. Strong.



WEST PALM BEACH



Health Care District
PALM BEACH COUNTY

WATER SMART

PALM BEACH COUNTY



**Palm Beach County
Board of County Commissioners
Fire Rescue
Drowning Prevention Coalition
of Palm Beach County
405 Pike Road, WPB, FL 33411
(561) 616-7068
www.pbcgov.com/dpc**